

Lè a rive pou nou chanje jan n'ap konstwi

“Zanmi m yo!
Lè nou gen
bon materyo,
lè nou itilize
bon pratik
konstriksyon
yo epi bòs
ki kalifye sa
ap pèmèt
nou gen yon
kay moun ka
fè konfyans”






Ann Rebati Byen Epi San Danje

“Itilize kantite siman, sab, gravye ak dlo ki rekòmande a lè n’ap brase beton epi n’ap gen yon kay ki solid”



ENPÒTAN

Pa bliye: Si sab la mouye mete mwens dlo lè n’ap brase beton.





Yon mi ki solid ki mare ak poto epi pout yo ap pwoteje w kont tranbleman tè


Lè a rive pou nou chanje jan n'ap konstwi




Wi! Sèvi ak bon blòk epi fè jwen kwaze epi mete motye nan toulède pwent blòk yo.



Non! Jwen file ap fè mi yo pa solid



Non! Machwè blòk fè mi yo pa solid



Non! Jwen yo twò pre youn ak lòt epi pa gen mòtye nan pwent blòk yo



Non! Jwen yo twò epè. Fè jwen yo anviwon ½ pous.